



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA DEPATMAN SANTE AK SYRACUSE UNIVERSITY POU ELAJI SIVEYANS COVID-19 INOVAN NAN DLO IZE

Nouvo sistèm siveyans dlo ize nan tout eta a bay avètisman prematire nan 3-5 jou, ak done sou transmisyon maladi nan nivo kominotè

Yo ka detekte varyant COVID-19 yo atravè sekans echantiyon dlo ize yo

Premye efò siveyans dlo ize yo nan tout eta a deja pèmèy yo siveye plis pase 2 milyon rezidan nan Nò Eta a ak nan Long Island

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo patenarya ant Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak Syracuse University (SU) pou kontinye etid revolisyone ak inovan li an pou analize dlo ize pou COVID-19. Siveyans dlo ize kapab bay jiska twa a senk jou avètisman prematire ke ka COVID-19 yo ap ogmante oswa diminye nan yon kominote, epi etid yo montre ke li ka itilize pou detekte varyant viris la atravè sekans echantiyon dlo ize yo, yon fwa yo idantifye li.

"N ap aprann nouvo bagay sou viris COVID-19 la chak jou, epi pou nou gade yon longè davans sou li, nou te oblije adopte nouvo estrateji inovan pou prevansyon ak deteksyon, sitou nan sa ki gen pou wè ak varyant yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye syantis ak chèchè dirijan nou yo k ap mennen nan nasyon nan Depatman Santea, ak patnè akademik nou yo nan Syracuse University ak SUNY Buffalo, SUNY ESF ak SUNY Stony Brook pou efò yo fè pou swiv viris la atravè pwogram siveyans dlo ize dènye modèl ke yo pral san dout itilize pou enfòme pwoblèm sante piblik byen alavni."

Li enpòtan pou w konprann direksyon pandemi COVID-19 la epi depi nan premye jou li yo, Eta New York te itilize mezi ki baze sou tès imen ak to maladi, kantite moun ki entène lopital, ak to lanmò pou pi byen detèmine ki kote pou deplwaye resous ak kòmanse lòd ijans pou kenbe moun yo an sekirite. Tès dlo ize pou viris ki lakòz COVID-19 ajoute yon nouvo dimansyon nan siveyans kominotè a ki pa depann sou teste moun yo.

Komisè Sante Eta New York pa Enterim nan Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Nou pral sèvi ak tout resous ki disponib pou anpeche vag COVID-19, epi mwen remèsye chèchè Syracuse University yo ki te rann siveyans dlo ize sa a posib.

Siveyans sa a bay New York yon sistèm avètisman prematire pou tandans COVID-19 yo, ki gen ladan varyant yo, anvan ogmantasyon yo obsève nan ka oswa admisyon nan lopital yo. Malgre ke gen anpil bagay toujou pou aprann sou nouvo zouti sa a, nou espere siveyans dlo ize yo ofri mezi enpòtan pou desizyon lokal yo sou prekosyon COVID-19 epi ede nou aplike resous vaksinasyon ak tè s kote yo plis bezwen sa yo."

Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Ian, Basil Seggos, te deklare, "Pandan Omikwon ak lòt varyant yo menase byennèt kominote nou yo, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li itilize tout resous ki nesèsè pou kontinye vijilans Eta New York pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la. Nouvo patenarya siveyans dlo ize sa a bati sou pwogrè syantifik k ap fèt epi li pral ede asire enfòmasyon adisyonèl disponib pou sipòte efò kontinyèl Eta a ap fè pou pwoteje sante piblik la."

Epidemyolojis ak Pwofesè Asosye nan Sante Piblik nan Syracuse University, Doktè David Larsen, te deklare, "Etabli siveyans dlo ize nan chak konte atravè eta a pral ba nou pi bon konpreyansyon sou transmisyon COVID-19 la. Sistèm sa a pral ede piblik la ak desidè yo pi byen reponn ak pandemi an."

Inisyativ sa a baze sou siksè pilòt eta ane pase a pou kontwòle dlo ize nan kominote seleksyone yo epi elaji pwogram nan yon rezo siveyans dlo ize nan tout eta a. An patenarya ak Syracuse University ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, rezo siveyans dlo ize a pral amelyore efò tè s Eta a k ap mennen nan nasyon an pou kontwòle prezans COVID-19 nan minisipalite k ap patisipe yo, etabli nivo debaz viris la epi idantifye kominote sa yo k ap fè fas ak yo ogmantasyon. Sa a pral konplete lòt tè s ak siveyans efò eta yo pou pi byen konprann risk transmisyon COVID-19 nan tout eta a epi sible resous sante piblik yo.

Omwen gen 20 konte ki te patisipe nan siveyans dlo ize jiskaprezan, epi rezilta tè s yo bay prèv prezans viris la nan kominote ki abrite plis pase 2 milyon rezidan New York. Vil New York te fè siveyans dlo ize nan tout senk minisipalite yo. Ekspansyon rezo nan tout eta a pral amelyore kowòdinasyon epi bay yon opòtinite pou plis patisipasyon ki soti nan minisipalite adisyonèl.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Chèchè klas mondyal yo nan Syracuse University ak enstitisyon sè li yo kontinye pwouve ke yo se yon resous formidab pou Nouyòkè Santral yo ak tout eta a. Ogmante siveyans dlo ize a pral ede nou pi byen prepare epi pran yon longè davans sou pandemi sa a. Mwen byen kontan wè Depatman Sante ak SU fè patenarya nan kad efò enpòtan sa a."

Senatè Eta a John Mannion, te deklare, "Kòm yon sant rechèch ak inovasyon klas mondyal, Syracuse University se te patnè ideyal pou siveyans dlo ize avanse Eta New York pou kontwòle COVID-19 la. Mwen te patwone lejislasyon epi mwen te defann siveyans dlo ize elaji atravè eta a pou pwofite kolèj ak inivèsite elit nou yo pou ede pwoteje sante piblik la. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li bati sou inisyativ

reyisi sa a ak Rektè Syracuse University a Kent Syverud pou kontribisyon kontinyèl li nan New York Santral."

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "New York se yon lidè nasyonal nan rechèch COVID-19, soti nan Wadsworth Lab rive nan sant medikal ak inivèsite nou yo. Siveyans dlo ize se yon zouti epidemyolojik ki gen anpil valè nan batay kont COVID, epi mwen felisite Depatman Sante a, Depatman Konsèvasyon Anviwònman la, ak patnè akademik yo pou inisyativ enpòtan sa a."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Ekspansyon siveyans COVID-19 nan dlo ize nan SU se yon mezi pwo-aktif, non-envazif pou eseye ak pran yon longè davans sou pandemi an k ap chanje tout tan. Inivèsite a gen yon gwo popilasyon, ki gen ladann etidyan ki soti nan anpil lòt peyi. Siveyans dlo ize a se yon lòt etap nan swiv viris sa a pandan n ap kontinye konfwonte li ak vaksinasyon ak mete mask."

Manm Asanble Pam Hunter te deklare, "Siveyans dlo ize COVID pèmèt yon fason non-envazif pou kontwòle to ka yo nan yon rejyon. Done sa yo ka enfòmè politik sante piblik nou an epi jwenn resous yo nan rejyon ki pi bezwen yo anvan sistèm sante yo vin twò chaje. Apwòch inovan sa a ke Depatman Sante ak Syracuse University pral sètènman sove lavi epi ede diminye vag yo alavni."

Tès dlo ize bay enfòmasyon reprezantatif sou sitiasyon COVID-19 pou kominote yo ki gen ladan idantifikasyon viris ke yo pa ka detekte pa tès klinik poukont yo. Efò ane pase yo te demontre siveyans dlo ize yo ka detekte viris nan nivo ki ekivalan a 10 ka pou chak 100,000 popilasyon epi li kapab bay 3 a 5 jou avètisman avanse ke ka COVID-19 yo ap ogmante.

Tès dlo ize pou COVID-19 se yon metòd rantab, non-envazif, epi san patipri pou kontwòle tandans yo nan viris nan nivo kominotè. Anplis de sa, yo ka kolekte echantiyon dlo ize nan diferan kote nan sistèm egou a, sa k ap bay enfòmasyon ki gen anpil valè nan katye yo, oswa menm nan batiman endividyèl yo - pa egzanp, dètwa kolèj yo. Rezo siveyans dlo ize eta a pral konekte ak Sistèm Siveyans Dlo ize Nasyonal (National Wastewater Surveillance System) Sant pou Kontwòl Maladi (Center for Disease Control, CDC) a ke yo te inisyè an repons ak pandemi COVID-19 la.

Okòmansman [rezo siveyans dlo ize](#) Eta a pral konsantre sou COVID-19 an repons ak pandemi an, men aavni, li pral rete yon resous sante piblik vital. Rechèch yo montre ke yo ka detekte diferan varyant viris ki lakòz COVID-19 la nan dlo ize. Epiou, siveyans dlo ize yo ka ogmante pi vit pase siveyans dyagnostik klinik, sa ki pèmèt rezo a bay enfòmasyon byen vit si yo ta detekte yon varyant oswa lòt maladi kontajye ki menase sante piblik la. Finalman, yo ka itilize siveyans dlo ize pou enfòmè lòt defi sante piblik yo, tankou bay estimasyon itilizasyon opyoyid ak tandans nan rezistans kont mikwòb.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418